



## OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS Help Center

### Kisa Yon Estipilasyon Depatman Konstriksyon ("DOB) Ye?

DOB a kapab ofri yon repondan (moun yo akize ki vyole yon lwa oubyen règleman NYC) yon "Estipilasyon" avan yon odyans.

#### Kisa ki yon "Estipilasyon"?

Yon estipilasyon se yon akò ant repondan ak yon ajans, tankou DOB a, kote toude (2) kote yo pwomèt pou fè kèk bagay olye pou yon gen yon odyans.

#### DOB Pwomèt pou:

- Enflije repondan an yon amann ki reprezante mwatye santans ke li te dwe peye si yo te rekonèt li koupab pou enfraksyon an.

#### Repondan an Pwomèt pou:

- Admèt vyolasyon an epi peye 50% santans lan.
- **Atansyon:** Malgre ke repondan an ap sèlman gen pou peye 50% nan penalite a, yo ap toujou konsidere repondan an kòm moun ki vyole règleman an. Sa vle di si yo jwenn li "an vyolasyon" menm akizasyon an yon dezyèm fwa, l ap fè fas ak yon santans ki pi wo kòm yon delenkan residivis.
- "Korije" vyolasyon an lè w rezoud pwoblèm lan.
- Depoze yon sètifika Koreksyon bò kote DOB. Sa a se yon dokiman ki montre ke repondan an "korije" vyolasyon an epi li peye 50% santans lan.
- Repondan an **dwe** depoze Sètifika Koreksyon an nan lespas 75 jou apati dat odyans ki nan konvokasyon an.
- Pou li valid, **DOB dwe apwouve** Sètifika Koreksyon an, e pwosis sa a ka pran plizyè semèn.
- **Konsèy:** Si ou se repondan ki site a oubyen moun ki posede pwopriyete a, fason ki pi rapid pou jwenn yon Sètifika Koreksyon apwouve (oubyen pou konnen estati apwobasyon an) se soumèt li an pèsòn, nan **NYC Department of Buildings (Depatman Batiman Vil Nouyòk) – Administrative Enforcement Unit (Inite Aplikasyon Aministratif), lokalize nan 280 Broadway, 1st Floor, New York, NY 10007, ant 8:30 am ak 2:30 pm.**

Si moun ki reponn lan dakò ak estipilasyon an, men LI PA satisfè egzijans sa yo, y ap jwenn li vyole akò a epi l ap oblije peye tout santans lan (100%).

## Ki jan yon Repondan fè konnen si y ap ofri yon Estipilasyon?

- Repondan an ka resevwa yon lèt nan lapòs (ki soti nan DOB oswa OATH) k ap enfòmè l ke yo ofri l yon estipilasyon.
- Yo ka enfòmè repondan an ke yon estipilasyon disponib lè repondan an parèt pou premye fwa nan OATH pou odyans lan.
- Repondan an (oswa reprezantan li) ka mande yon reprezantan Sant Èd OATH si y ap ofri yon estipilasyon.

## Kilè yon Repondan Kapab Aksepte Yon Estipilasyon?

- Yo dwe aksepte yon estipilasyon anvan premye dat odyans ki enprime sou konvokasyon an. Sepandan, si repondan an parèt nan OATH nan dat premye odyans lan, li ka aksepte estipilasyon an anvan odyans lan kòmanse.
- Yon repondan PA KAPAB aksepte yon estipilasyon aprè yon odyans te kòmanse. **Atansyon:** Si ou aksepte yon estipilasyon, tan pou konfòmè avèk li a ap kòmanse apati de dat odyans lan nan konvokasyon ou yo.

**Si ou Bezwen Plis Èd, Tanpri Kontakte OATH Help Center An Pèsòn Nan Nenpòt Lokal OATH, depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8 AM pou 5PM, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845, Oswa Pa Imèl Nan [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov).**

### **Bronx**

260 E.161st Street, 6th FL  
Bronx, NY 10451

### **Brooklyn**

9 Bond Street, 7th FL  
Brooklyn, NY 11201

### **Manhattan**

66 John Street, 10th FL  
New York, NY 10038

### **Queens**

31-00 47th Avenue, 3rd FL  
Long Island City, NY 11101

### **Staten Island**

350 St. Marks Place, Main FL  
Staten Island, NY 10301